# **Mazita:**

Maumbirwo nenzira dzokuaisa mumipanda
Zita (noun)

Mazita akaumbwa nezvinhu zviviri:
chivakashure (prefix) + dzitsi (stem)
sokuti:

| **Zita** | **Chivakashure** | | **Dzitsi** |
|---|---|---|---|
| mukadzi | mu- | + | -kadzi |
| muti | mu- | + | -ti |
| ruoko | ru- | + | -oko |

Panewo mamwe mazita ane zvivakashure zvisiri pachena.
Zvivakashure izvi zvinozobuda pachena chete kana zita iri ranyatsopenengurwa.
Mazita anotevera aya haana zvivakashure zviri pachena.
baba
jira
mhuka
mbuya
sekuru
zasi
Tinotenda (zita romunhu)

Tichatsanangura nezvezvivakashure izvi mundima dzinotevera. Mhando dzezvivakashure
Madzitsi mazhinji anowanzo wanikwa nezvivakashure zviviri
sokuti:
mu- + -rume murume
va- + -rume varume
mu + -ti muti
mi + -ti miti

Zvivakashure zviviri izvi zvinowanzowanikwa nedzitsi rimwe chete zvinonzi maPrimary prefixes nokuda kwokuti hazvina zvazvinotitaurira maererano nemamiriro akaita chinhu chacho. Panewo zvivakashure zvatinogona kusanganisa nemadzitsi azvisingawanzo sanganiswa nawo kubuditsa pfungwa yokunyomba kana kutsanangura

sokuti:
ka- + -komana
chi- + -rume
ka- + -sikana

Zvivakashure zvinobuditsa pfungwa yekutsanangura tinozviti masecondary/ commentary prefix.

| **Mupanda** | **Chivakashure** | **Zita** |
|---|---|---|
| 1 | mu- | murume |
| 1a | ø- | Taurai |
| 2 | va- | varume |
| 2a | va- | vashe |
| 2b | a- | ambuya |
| 3 | mu- | muti |
| 4 | mi- | miti |
| 5 | (ri-) | jira |
| 6 | ma- | machira |
| 7 | chi- | chikoro |
| 8 | zvi- | zvikoro |
| 9 | N- | mhuka |
| 10 | N- | mhuka |
| 11 | ru- | ruoko |
| 12 | ka- | kambwa |
| 13 | tu- | tumba |
| 14 | hu- | huroyi |
| 15 | ku- | kuba |
| 16 | pa- | pamba |
| 17 | ku- | kuzasi |
| 17a | ø- | zasi |
| 18 | mu- | mumba |
| 19 | svi- | svisikani |
| 21 | zi- | zikomana |

Kuiswa kwemazita mumipanda (noun classes) Panenzira dzakati wandei dzokuisa mazita mumipanda yawo.

**1. Chivakashure (Prefix)**

Kazhinji mazita ane zvivakashure zvakafanana anowanzoiswa mumipanda yakafanana sokuti:

mu- + -kadzi (1)
mu- + -komana (1)
mu- + -fundisi (1)

Mazita aya ose ane chivakashure mu- saka ose anoiswa mumupanda 1

**2. Sungawirirano (concordial agreement)**

Kune mazita akatowanda kwazvo anezvivakashure zvakafanana asi achiiswa mumipanda yakasiyana.

Sokuti:
murume chivakashure ndimu- ririmumupanda 1
muti anechivakashure mu- arimumupanda 3
mukati anechivakashure mu- asi arimumupanda 18

Manzwi aya anoiswa mumipanda yawo tichishandisa sungawirirano. Ane sungawirirano yakasiyana saka noiswawo mumipanda yakasiyana
sokuti:
Iye murume uyu anonetsa. (1)
Iwo muti uyu ngautemwe. (3)
Imo mukati umu mune tsvina. (18)

**3. Zvanoreva**

Zvinogonekwa kuti pave nemazita ane zvivakashure nesungawirirano yakafanana asi ari mumipanda yakasiyana
sokuti:
kuba uku (15)
kumba uku (17)

Mazita aya arimumipanda yakasiyana nokuti anoreva zvakasiyana. Mazita arimumupanda 15 akabva muzviito (gerunds) asi ari mumupanda 17 anoratidza nzvimbo (adverbs).

Mazita aya anenge akatoumbwawo zvakasiyana
sokuti:
ku- + -b- + -a
ku- + -mba

**4. Sungawirirano youshoma nouwandu**

Kazhinji mupanda wezita rinoratidza ushoma unoteverwa nemupanda unoratidza uzhinji wemazita emupanda uyu.
Sokuti
musikana (1)
vasikana (2)
muti (3)
miti (4)
kambwa (12)
tumbwa (13)